DEPATMAN SANTE PIBLIK MASSACHUSETTS | BIWO SANTE ANVIWÒNMANTAL

Choose Safe Places:
Enfòmasyon pou Anseyan Timoun Piti

DPH ede pwogram swen pou timoun piti yo chwazi lokal ki pa gen danje.

Èske w ap chanje lokal oswa w ap ouvri yon nouvo lokal? Ranpli yon kesyonè sou pwopriyete ki nan https://redcap.link/MaChooseSafePlaces pou w jwenn èd DPH pou w ka chwazi yon kote ki san danje.

Chwazi yon bon lokal pou pwogram swen timoun piti w la pwoteje sante timoun yo epi l ede biznis ou reyisi. Pwogram "Choose Safe Places" la (Chwazi yon Lokal ki San Danje) se yon pwogram volontè ki ede pwogram edikasyon ak swen pou timoun piti chwazi lokal ki pa gen danje anviwònmantal.



Choose Safe Places
pou Edikasyon ak Swen Timoun Piti
Planifikasyon. Direksyon. Pwoteksyon.

Depatman Sante Piblik Massachusetts la (DPH ann anglè) ofri enfòmasyon ak èd gratis pou ede w pwoteje timoun kont pwodui chimik ki toksik. Rele nou nan 617-624-5757 oswa al gade sit wèb nou an nan www.mass.gov/choose-safe-places-for-early-care-and-education pou w aprann plis.

Pwodui chimik ka yon danje kache.

Ou gendwa pa panse pwodui chimik poze yon gwo pwoblèm nan yon pwogram edikasyon ak swen pou timoun piti, men pafwa pwodui chimik ki danjere ka soti nan biznis oubyen aktivite ki nan zòn nan, oubyen tou aktivite ki te konn fèt la deja.

Asire w ou verifye 4 bagay sa yo anvan w chwazi yon nouvo lokal:

- Ki jan yo te konn itilize etablisman an anvan an?
- Èske gen pwopriyete ki kontamine nan zòn nan?
- Èske gen pwodui chimik ki fèt tou natirèlman?
- Èske dlo potab la pa gen danje?



Timoun pi sansib pou pwodui chimik ki danjere pase adilt.

- Sèvo yo ap devlope toujou.
- Yo bwè plis dlo e yo respire plis lè parapò ak gwosè yo.
- Yo jwe atè a e yo mete men yo nan bouch yo.

Si yon timoun ekspoze ak pwodui chimik ki danjere, sa ka gen yon move efè sou devlopman l, sou jan l aprann, ak sou konpòtman l. Sa ka fè l fè maladi lè l pi gran tou. Se sa k fè DPH ap travay avèk Depatman Edikasyon ak Swen Timoun Piti (EEC ann anglè) e avèk anseyan timoun piti pou yo ka bay chak timoun yon kote pou l aprann, jwe, e grandi ki san danje.

Etap pou w suiv pou w wè si gen danje.

Pwogram DPH la ki volontè ka ede w chèche danje anviwònmantal ki gendwa egziste, tankou:

Fason yo te konn itilize andwa a

Ansyen biznis te ka kite rès pwodui chimik ki danjere.

Sa w ka fè:

- Chèche konnen ki jan yo te konn itilize etablisman ak teren ki nan zòn nan.
- Chèche konnen si yo te fè enspeksyon pou penti ki gen plon.
- Kontakte DPH pou yo ede w jwenn enfomasyon sou istwa pwopriyete an epi pou aprann ki jan ou ka fè yon enspeksyon pou plon.

Chantye ak aktivite ki nan zòn nan

Gen sèten aktivite ki ka polye lè a, kite pwodui chimik nan sòl la, oswa polye dlo ki anba tè a.

Sa w ka fè:

- Chèche konnen si gen biznis nan zòn nan ki itilize pwodui chimik.
- Chèche pwopriyete ki kontamine ki nan zòn nan.
- Kontakte DPH pou yo ede w chèche.

Jwenn dlo potab ki san danje

Dlo ki pwòp enpòtan, sitou pou tibebe ki bwè lèt ki fèt avèk dlo tiyo.

Sa w ka fè:

- Fè teste dlo a pou plon.
- Tchyeke rapò ànyèl sou kalite dlo founisè dlo ou a pibliye.
- Fè teste pi a si w genyen youn.
- DPH ka ede w aprann plis sou kalite dlo w epi yo ka ede w fè teste dlo a.

Danje ki fèt tou natirèlman

Gaz radon se yon danje natirèl ki ka lakòz kansè.

Sa w ka fè:

- Fè teste etablisman an pou radon.
- Kontakte DPH pou w aprann ki jan.

DPH ka ede w.

Ranpli yon kesyonè sou pwopriyete. N ap chèche enfòmasyon sou pwopriyete ou a, di ou ki sa nou jwenn, epi ofri rekòmandasyon ki ka ede.

Ranpli yon kesyonè sou pwopriyete

https://redcap.link/MaChooseSafePlaces

Massachusetts Department of Public Health (Depatman Sante Piblik Massachusetts)
Bureau of Environmental Health (Biwo Sante Anviwònmantal)
250 Washington Street
Boston, MA 02108
Telefòn: 617-624-5757

Jen 2020
HAITIAN CREOLE 10/2020

Massachusetts Department of Early Education and Care (Depatman Edikasyon ak Swen Timoun Piti Massachusetts)
51 Sleeper Street, 4th Floor
Boston, MA 02210
Telefòn: 617-988-6600